

Imana irungika Musa mu Misiri

KUVAYO IKIGABANE CA 3-12



MUSA!

YEHOVA NI WE YARIKO ARAVUGA
BICIYE KU MUMARAYIKA.

MUSA!

NDI
HANO.

NDI IMANA YA BA
SOGOKURUZA BANYU.
ABANTU BANJE, ABISIRAYELI,
BARI MU MUBABARO MU MISIRI.
REKA NGUTUME KURI FARAWO.
UKURE ABANTU BANJE MU MISIRI.

MUSA NA MWENE WABO ARONI, BARAGIYE
KWA FARAWO.

YEHOVA AVUZE ATI:
"REKURA
ABANTU BANJE
BANKORERE
MU GAHINGA."

YEHOVA NI NDE?
SINDEKURA
ABISIRAYELI.

MBERE ARONI YARAKOZE **IGITANGARO** IMBERE YA FARAWO KUGIRA
YEREKANE KO ARI IMANA YARI YABATUMYE. (RABA KUVAYO 7:8-13.)

ARIKO FARAWO YARI **INTABARIRWA**. NTIYARI
KUREKURA ABANTU B'IMANA NGO BAVE MU MISIRI.



MU NYUMA, YEHOVA YARATEJE
MISIRI IVYAGO ICENDA.

URUZI NILI RWARAHINDUTSE AMARASO.

IBIKERE VYARUZUYE MU GIHUGU.

IMIBU YARATEYE ABANTU
N'IBIKOKO.

IBIBUGU VYARUZUYE MU MAZU
VYONGERA BIRONONA IGIHUGU.

INDWARA ZARISHE ABANTU BENSHI N'IBIKOKO.

ABANYAMISIRI BE N'BITUNGWA VYABO
BARARWAYE IBIHUTE BIBABAZA.

URUBURA N'UMURIRO VYARONONYE IMIRIMA
KANDI BIRICA ABANTU N'IBIKOKO.

INZIGE, NI UBWOKO BW'IGIHORI,
ZARARIYE IBITERWA VYARI VYASIGAYE
INYUMA YA RWA RUBURA RUKAZE.

UMWIZA WARAPFUTSE
IGIHUGU COSE IMISI ITATU.

ARIKO FARAWO YARANSE
KURUNGIKA ABISIRAYELI.

MUSA NA ARONI **BARASUBIYE**
KWA FARAWO.

YEHOVA YARI YAVUZE ATI:
"NGIYE GUTEZA **IKINDI**
CAGO MURI MISIRI.
NKO MU GICUGU, IMFURA
YOSE IZOPFA."

EMWE, MURI IRYO JORO NYENE, YEHOVA
YARARUNGITSE UMUMARAYIKA WIWE KWICA
UMWANA W'IMFURA MURI BURI MURYANGO WOSE
W'ABANYAMISIRI BATAGAMBURUKIRA IMANA . . .

MU BAPFUYE HARIMWO
N'**UMUHUNGU WA FARAWO**.
(RABA ZABURI 78:49-51.)

HAGURUKA,
MUGENDE,
MUKORERE YEHOVA,
NK'UKO MWAVUZE.

AMAHEREZO ABISIRAYELI BOSE
BAREMEREWEMU **KUVA MU MISIRI**.

ARIKO ABISIRAYELI INGORANE ZABO NTIZARI
ZIHEZE. YEHOVA **YABAKINGIYE** GUTE?
NUBIRABE MURI **BANDE DESSINÉE** IKURIKIRA IYI.

IYI NKURU ITWIGISHA IKI?

KUBERA IKI FARAWO **ATUMVIYE** MUSA NA ARONI?
ICOGUFASHA KURONKA INYISHU: KUVAYO 9:17;
ZABURI 66:6, 7.

MUSA YARI **ATANDUKANIYE** HE NA FARAWO?
ICOGUFASHA KURONKA INYISHU: GUHARŪRA
12:3.

WIBAZA KO ARI KUBERA IKI ARI VYIZA CANE KUBA
UMUNTU **ATEKEREZA** KANDI YITONDA AHO KUBA
UMUNYABWISHIME CANKE INTUMVA?
ICOGUFASHA KURONKA INYISHU: ZABURI 37:
11; ZEKARIYA 7:8-12.